

# 4 jen

**(Jezi di :) Mwen menm, mwen se bon bèje a. Mwen konnen sa ki pou mwen yo, epi, sa ki pou mwen yo konnen mwen. Konsa tou, Papa a konnen mwen, e, mwen menm, mwen konnen Papa a. Epi-tou, mwen bay lavi mwen pou mouton mwen yo.**

Jan 10. 14, 15

## **Mwen ta vle gen lavi etènèl**

“Mwen te fèt nan yon fanmi fran katolik, ki te gen anpil kè kontan. Mwen te yon timoun ki saj anpil e paran mwen yo te aprann mwen bon mannyè. Donk mwen te grandi yon bonjan kote, ki plen lanmou. Chak dimanch nou ale legliz. M te kontinye ale legliz jis lè m rive nan inivèsite. Kòm mwen te fè pati de yon gwoup mizikal, m te dwe la chak dimanch. M te apresye anpil konpliman yo konn fè nou apre sèvis yo.

Men, mwen pa t konnen Senyè Jezi. M te panse, san m pa menm reflechi, kòm mwen te yon “bon” moun e mwen te katolik pratikan, “anplis de sa”, mwen te sou bon wout la.

Plizyè rankont te vin fè m poze tèt mwen kesyon sou lavi etènèl ak fason pou yon moun ka genyen l. M te vle gen lavi sa a apre lanmò. Nou te kòmanse, mari m avèk mwen, ti etid bibliik ak yon zanmi kretyen. M te dekouvri, sila ki aksepte Jezi kòm sovè pèsonèl jwenn lavi etènèl gratis. Li di : “Moun ki kwè nan mwen yo, yo genyen lavi etènèl” (Jan 6. 47). M te vin konprann tou enpòtans pou m suiv Jezi pandan tout lavi m.

Jounen jodi a, lavi m diferan. Senyè a avèk mwen jou apre jou. Li ban mwen lapè nan moman difisil yo, lajwa chak jou ak asirans lavi etènèl.”

*Izabèl H.*

# 4 juin

**(Jésus dit :) Moi, je suis le bon berger : je connais les miens, et je suis connu des miens, comme le Père me connaît et moi je connais le Père ; et je laisse ma vie pour les brebis.** Jean 10. 14, 15

## **Je désirais la vie éternelle**

“Je suis née dans une famille heureuse, catholique pratiquante. J’étais une enfant très sage et mes parents m’enseignaient de bonnes valeurs. J’ai donc grandi dans un milieu choyé, rempli d’amour. Nous allions à l’église chaque dimanche. J’ai continué à fréquenter l’église jusqu’à l’université. Comme j’étais impliquée dans un groupe musical, je me devais d’y être tous les dimanches. J’appréciais beaucoup les compliments que nous recevions après chaque office.

Cependant, je ne connaissais pas le Seigneur Jésus. Je croyais, sans même y avoir réfléchi, qu’étant donné que j’étais une “bonne” personne et que j’étais catholique et pratiquante “en plus”, j’étais sur la bonne voie.

Diverses rencontres m’ont conduite à m’interroger sur la vie éternelle et les moyens pour y avoir accès. Je désirais cette vie éternelle après ma mort. Nous avons donc débuté, mon mari et moi, de petites études de la Bible avec un ami chrétien. J’y ai découvert que la vie éternelle est donnée gratuitement à celui qui reçoit Jésus comme son Sauveur. Il a dit : “Celui qui croit en moi a la vie éternelle” (Jean 6. 47). J’ai compris aussi l’importance de suivre Jésus pour le reste de mon existence.

Ma vie est aujourd’hui différente. Le Seigneur est avec moi jour après jour. Il me donne la paix lors d’événements difficiles, la joie quotidienne et l’assurance de la vie éternelle.”

*Isabelle H.*